С.Мәжитов дәслепки қарақалпақ драматургиясының да тийкарын салыўшы саналады. Ол «Ерназар алакөз» атлы дәслепки трагедияның, «Жигит болдық» («Сабақ»), «Соңғы селтең», «Гүлим Тайман» сыяқлы пьесалардың ҳәм «Бағдагүл» атлы дәслепки музыкалы драманың дөретиўшиси. Бул драмалары сол дәўирлерде театр репертуарларында тез-тез берилип турған.

С.Мәжитов дилмаш сыпатында И.Крыловтың тымсалларын, И.Алтынсаринниң ҳәм Л.Толстойдың гүрриңлерин қарақалпақ тилине аўдарған. Бул көркем сөз шебериниң туўысқан халықлар әдебиятын жақсы билгенинен дерек береди.

**Жуўмақ**. Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақ әдебиятында жәдидлик идеялар ХХ әсирдиң басында қәлиплесип, раўажланды. Әсиресе, Қазы Мәўлик, С.Мәжитовтың дөретиўшилигинде айқын көзге тасланды. Бул шайырлар халықты билимли, саўатлы болыўға шақырыў менен бир қатарда, елимизде улыўма билим беретуғын мектеплер ашыў жолында белсендилик көрсеткен. Өз шығармаларында жәдидлик, ағартыўшылық идеяларды жырлаў арқалы қарақалпақ әдебиятының идеялық-тематикалық ҳәм жанрлық-формалық жақтан раўажланыўына үлкен үлес қосқан. Бүгинги күнде де олардың ҳәр қыйлы темадағы шығармалары терең тәрбиялық әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев М.Ш. “Жадидлар: миллий ўзлик, истиқлол ва давлатчилик ғоялари” мавзусидаги халқаро конференция иштирокчиларига табриги.// https://president.uz/uz/lists/view/6919
2. Қосимов Б., Юсупов Ш., Долимов У., Ризаев Ш., Аҳмедов С. Миллий уйғониш даври адабиёти. -Тошкент: «Маънавият», 2024. 296-б.
3. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. 608-б.
4. Шоназаров Ж. Жадидлар ғояси ва Янги Ўзбекистон стратегиясида уйғунлик. // Imom Buxoriy saboqlari. 2024/3. 145-149-б.
5. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. -Нөкис: «Билим», 1996. 308-б.
6. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы (хрестоматия). – Нөкис: «Билим», 1995. 316-б.
7. Мәжитов С. Шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. 200-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада жадидчилик ҳақида тушунча берилган. Қорақалпоқ адабиёти тарихида жадидчилик ғояларининг шаклланиши сўз қилинган. Дастлабки янги усул мактабларининг очилиши, дарсликларнинг, бадиий кўпгина асарларнинг яратилиши, халқ орасига тарқалиши каби масалалари таҳлилга олинган. Жадидчилик адабиёти вакилларининг ижод намуналарининг ғоявий-мавзуий йўналишлари асар матнлари асосида ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются понимание джадидизм. В истории каракалпакской литературы отмечено формирование идей джадидизма. Анализировались такие вопросы, как открытие первых новометодных школ, создание учебников, многих произведений искусства, их распространение среди народа. На основе текстов произведений изучены идейно-тематическая направленность произведений представителей жадидистской литературы.

**SUMMARY.** The article provides an understanding of Jadidism. In the history of Karakalpak literature, the formation of Jadidism ideas is mentioned. Issues such as the opening of the first new method schools, the creation of textbooks, many works of art, and their distribution among the people were analyzed. The ideological and thematic orientations of the works of the representatives of Jadididist literature were studied based on the texts of the works.


## И.ЮСУПОВ ЛИРИКАСЫНДА МАҚТЫМҚУЛЫ ДӘСТҮРЛЕРИ


**В.Ҳайтбаева –** *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** адабий анъана, Махтумқули ижоди, И.Юсупов шеърияти, мурабба жанри, поэтик анъана, фалсафий лирика

**Ключевые слова:** литературная традиция, творчество Махтумкули, поэзия И.Юсупова, жанр мурабба, поэтическая традиция, философская лирика

**Key words:** literary tradition, Mahtumkuli's work, I. Yusupov's poetry, the murabba genre, poetic tradition, philosophical lyrics


**Кирисиў.** ХХ әсир қарақалпақ әдебияты бай идея-тематикалық ҳәм жанрлық раўажланыўға ийе болған айрықша бир көркемлик концепция сыпатында әдебият тарийхында айрықша дәўирге ийе. Себеби, қарақалпақ әдебиятының жоқары шеклерди гөзлеп раўажланыўына Батыс ҳәм Шығыс әдебиятының тәсири көзге тасланады. Белгили алым Қ.Оразымбетов: -«дүнья әдебиятының раўажланыў тарийхында сыртқы тәсирсиз ямаса өзлестириўсиз өз алдына автономиялық түрде раўажланған бир де әдебият жоқ. Себеби, көркем әдебият та жеке адамлардай, халықлардай тири организм. Ал тири организм, белгили болғанындай, басқалар менен қатнассыз өз алдына өмир сүре алмайды» [1:36] - деп баҳалайды. Сол айтқандай қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында Шығыс ҳәм Батыс әдебиятының әдебий тәсири, ХХ әсир жазыўшы-шайырларының дөретиўшилигиндеги образ жасаў усылларына, көркемлеў қуралларына, қосық дөретиў, бәнт дүзиў бағдарында Шығыстың уллы данышпан шайырларынан Наўайы, Физулий, Омар Ҳаям, Мақтымқулы ҳәм т.б. сөз зергерлериниң әдебий дәстүрлерин даўам еткенлиги көринеди.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық

шайыры И.Юсупов түркмен халқының уллы данышпан шайыры Мақтымқулы дөретиўшилигин жоқары бахалай отырып, «Қарақалпақстан – Мақтымқулының екинши шайырлық ўатаны» [4:17] - деп жоқары баҳа берген еди. Ҳақыйқатында да Мақтымқулы қосықлары қарақалпақлар арасына ертеден кең таралып, үлкен абыройға ийе болған. Қарақалпақ халқы да өзиниң миллий шайыры сыпатында қабыл еткен, оның шайырлық академиясынан илҳамланған. Атап айтатуғын болсақ, XIX әсирдеги Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм т.б. халық шайырлары Мақтымқулыны руўхый устазы санаған. Дөретиўшиликтеги образ жасаў усылларын, идеялық-көркемлик, философиялық тәсиллерин, қосық дөретиў техникасын ийелеген. Оның әдебий тәсиллерин ийелеў, Мақтымқулыны руўхый устаз санаў XX әсир қарақалпақ шайырлары А.Муўсаев, С.Мәжитов, А.Дабылов, С.Нурымбетов, Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Ә.Өтепбергенов, С.Ибрагимов, Т.Жийемуратов ҳәм т.б. да ушырасады. Бул шайырлар Мақтымқулының поэтикалық дәстүрлерин терең ийелеп, илҳамланып Мақтымқулының жолына қосықлар дөреткени, Мақтымқулының қосықларын Т.Жумамуратов, И.Юсупов, У.Пиржанов ҳәм С.Ибрагимовлар қарақалпақ тилине аўдарма еткенлиги Мақтымқулының шайырлық даңқынан илҳамланғанының айқын дәлили болып табылады.

И.Юсупов Мақтумқулының поэтикалық дәстүрлерин даўам еттириўши сыпатында көзге тасланады. Шайыр Мақтумқулыны өзине устаз билип, оған Мақтумқулы жолына бир неше арнаў қосықларын жазады. Мақтымқулының бай поэтикалық дүньясы қарақалпақ шайырлары сыяқлы И.Юсуповға да сөзсиз әдебий тәсир жасады. Шайыр айтып өткениндей «Сорастырғанда түби бир, көрискенде түри бир, сөйлескенде тили бир, дини бир» түркмен, қарақалпақ халықлары әўел-әўелден бир-бири менен социал-экономикалық ҳәм мәдений қатнасықта болған. Әдебиятлардың өз ара тәсири ҳәм байланысы олардың ҳәр бириниң байыўына, жаңаша форма ҳәм мазмунға ийе болыўына алып келеди. Әдебиятлардың бир-бирин толықтырыў ҳәм байытыў процеси әдебий тәсирге кирисетуғын ҳәр еки әдебият бир-бирин жаңаша сыпатлар менен байытса, өзинде бар болған пазыйлетлерди екинши әдебиятқа өткере алса ғана нәтийжели болады. Демек, әдебий байланыс, әдебий дәстүрлерди өзлестириўдиң миллий әдебияттың раўажланыўында хызмети үлкен. Әлбетте, ҳәр бир халықтың әдебияты сол халықтың миллийлигине тийкарланады, турмыс шараятынан ғәрезли болады.

Түркмен ҳәм қарақалпақ әдебий байланысларында да усы процессти гүзетиўге болады. Әсиресе, сөз шебери уллы шайырлардың бир-бирин устаз-шәкирт есаплағаны ҳәммемизге мәлим. Сонын, ушын да әдебий тәсир мәселесин, шайырлардың бир-бириниң дөретиўшилик тәжирийбелерин үйренгенлигин, ол тәжирийбелерден, дәстүрлерден поэтикалық дөретиўшилик пенен пайдаланғанлығын изертлеў үлкен әҳмийетке ийе.

Түркмен классик шайыры Мақтымқулының қосықларының қарақалпақ оқыўшыларына қарақалпақ тилинде жетип барыўы ушын шайыр И.Юсуповтың үлкен хызметиниң бар екени мәлим. И.Юсупов түркмен шайырының дөретиўшилигинен тек ғана әдебий тәсирленип қалмастан, оның қосықларын қарақалпақ тилине аўдарып, баспадан шығарып китап ҳалында оқыўшыларға инам етти. [3]

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Мақтымқулының Шығыс поэтикалық, дәстүрий философиялық лирикадан басланған төрт қатарлы қосық мурабба формасы болып табылады. Мине, усы философиялық характердеги мураббалары уллы шайырдың даңқын өткен әсирлерде-ақ, тек ғана Орта Азия халықларына ғана емес, Европаға таныткан. Шайыр И.Юсупов та Мақтымқулының дидактикалық-философиялық бағыттағы поэтикалық дәстүрлерин қарақалпақ классик поэзиясында раўажландырады. Оның Мақтымқулы жолына жазған бир неше мураббалары бар: «Мақтымқулының жолына», «Хош келдиң түркменим, сапа келипсең», «Болмаса», «Муң қалмас», «Ядыма түсти» ҳәм т.б. қосықлары мурабба формасының өзине тән қатаң қағыйдаларына толық жуўап береди. Мысалы, шайырдың «Мақтымқулы жолына» мураббасында шайырдың даналығын ҳәм көркем сөз устасы екенин тәрийиплейди:

Яшмақ тислеп, гүляқалар тағылып,
Ақ жүзиңе қара жаўлық жамылып,
Айралықтан баўыры оттай қамынып,
Зарлап кеткен жананбысаң, несең сен?

Зергерсиз зермисең, бағмансыз бостан,
Қәлемсиз көкирекке питилген дәстан,
Шөлде Ғәриб – Шасенемге табысқан,
Гөззал көшки – әйўанбысаң, несең сен? [5:280].

Шайырдың бул қатарларында Мақтымқулының поэзия сарайындағы дөретиўшилик дәстүрин жаңа әўлад даўам етип атырғанын айта келип, Мақтымқулыны шайырлық жолында талантлы көркем сөз устасы, «қосықтың қудайы» деп есаплайды.

Ибрайым дер: шын шайырлық жолысаң,
Адам кеўлиниң сен солмас гүлисең,
Қосықтың қудайы Мақтымқулысаң,
Халқың менен қайта туўған шешексең [5:281].

Әдебиятымыз тарыйхында И.Юсупов мураббалары өзиниң мазмуны, көркемлиги менен өзгешеленеди. Жоқарыда келтирилген мураббада Мақтымқулы мураббаларының уқсас формасы сақланған: а, б, а, б, б, б, б, а, в, в, в, а.

И.Юсуповтың «Мақтымқулының жолына» деп аталған қосығын «Несең сен?» бәнти менен Мақтымқулының «Нәме сен?» мураббасында формалық уқсаслық болғаны менен мазмуны жағынан екеўи еки басқа. Ибрайым Юсуповтың бул мураббасының мазмунына дыққат аўдарайық: Онда Мақтымқулының ишки руўхый дүньясы, пүткил дөретиўшилигиниң мазмуны сүўретленеди. Лекин, шайырдың шеберлиги сонда, киши көлемли қосықта Мақтымқулының поэтикалық дүньясын, шайырлық даңқын, турмыс, заман, өмир арпалысларын көрсетеди.

Бирақ, Мақтымқулының «Нәме сен?» мураббасында лирикалық қаҳарманның қәдир-қымбат, ышқы муҳаббат, дүнья, инсан ҳәм жаратылыс ҳәм т.б. философиялық толғаныслары сүўретленеди.

Гарачымың, я сейитмиң, хожамың,
Я сакымың, я шерапмың, я жаммың,
Я йылмы сен, я гүндизмиң, гижемиң,
Я Аймы сен, я Гүнми сен, нәме сен?!

Алтынмы сен, күмүшми сен, зерми сен,
Я аршмы сен, я күрсми сен, ерми сен,
Я якутмың, я мерженмиң, нэме сен?!
Я чырагмың, я рөвшенмиң, нэме сен! [2:19-20].

Мине, бул қосық Мақтымқулының дөретиўшилигинде айрықша орынға ийе болып, шайырдың мурабба формасында жазылған бул философиялық бағыттағы лирикалық шығармасы. Қосық 5 бэнттен (куплет) ибарат. Уйқас формасы бойынша: а,б,а,б; б,б,б,а; в,в,в,а формасында жазылып, ең соңғы бэнтинде Мақтымқулының исми келтириледи. Бундай усыл Шығыс әдебиятында қосықтың соңғы бэнтинде өзиниң атын келтириў дәстүрге айланған. Қарақалпақ классик шайырларында да бул дәстүр ушырасады. Шайыр И.Юсупов та усы форманы сақлап, Мақтымқулы жолына бағышлап «Несең сен?» бэнти менен қосық дөретиўи Мақтымқулының әдебий дәстүрлерин, философиялық пикирлерин даўам етиў болып табылады.

Қарақалпақ лирикасында ҳәзирги ўақытта И.Юсупов мураббалары, Мақтымқулы дәстүрлерин терең өз бойын сиңдирип көркемлик жақтан жетилистирилген, раўажландырылған. И.Юсупов лирикасы дәўир, жәмийет ҳақыйқатлығын ашып беретуғын, сюжетли ўақыяларға қурылғанлығы менен оқыўшыда қызығыўшылық туўдырады. Шайырдың жәмийет, заман, инсан ҳәм тәбият, жаратылыс, дәўир талабы ҳәм т.б. дидактикалық-философиялық бағытта жазған қосықларын көриўимизге болады. Оның лирикасындағы ой-пикир, идея, философиялық шешимлери, лирикалық толғанyслары Мақтымқулы пикирлерине, идеяларына үнлес екенлиги сезиледи.

И.Юсуповтың мураббалары үлкен философиялық пикирлерге, дидактикаға бай. Ол Мақтымқулы дәстүрлерин жақсы меңгерген ҳәм бул жолда оның мураббалары сәтли шықты деп толық айта аламыз.

И.Юсупов мурабба формасында қосық жазғанда оның ески мазмунын туўрыдан-туўры сол ҳалында пайдаланбайды. Шайыр бул форманы жаңа мазмунға толтырады, оның ўазыйпасына белгили дәрежеде бурылыс жасайды. Мураббаның мазмун ҳәм ўазыйпасын ҳәзирги жасап атырған жәмийетимиздиң шараятына масластырады.

**Жуўмақ.** Улыўма алғанда шайырдың Мақтымқулы жолына жазылған қосықлары, көбинесе ритмалы болып келген, жай шығарма түринде дидактикалық характер басым болып келеди. Пикирлери бир қанша өткир, оқыўшыға эстетикалық тәсир жасайды. Бунда мийнетти, адамгершиликли өмирди, сүйиўшилик ямаса ҳәр бир затты баҳалай билиў керек деген пикирлер ортаға тасланып, оқыўшыны ойландырыўға ҳәм оннан жуўмақ шығарыўға мәжбүрлейди. Бул И.Юсуповтың шайырлық қәбилетине тән қубылыслардың бири болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: «Билим», 2004.
2. Магтымгулы. Сайланан эсерлер. Ики томлук I. –Ашгабат: «Түркменистан», 1983.
3. Мақтымқулы. Қосықлар. И.Юсупов ҳәм У.Пиржановтың аўдармасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.
4. Юсупов И. Дала Орфейи. // Әжинияз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975.
5. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. I том. –Нөкис: «Билим», 2018.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада И.Юсупов шеъриятида Махтумқулининг дидактик-фалсафий йўналишдаги поэтик анъаналари ўрганилган. И.Юсуповнинг «Махтумқулининг йўлига» туркумига киритилган шеърлар шаклий, ғоявий-тематик ва жанр-услубий ўзига хослиги билан Махтумқулининг шеърларига ҳамоҳанглиги ва унинг шеъриятида Махтумқулининг адабий анъаналари, фалсафий фикрлари давом эттирилганлиги исботланган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследуются дидактико-философские поэтические традиции Махтумкули в поэзии И.Юсупова. Доказано, что стихотворения И.Юсупова, входящие в цикл «По тропе Махтумкули», по форме, идейно-тематическим и жанрово-стилистическим признакам соответствуют стихотворениям Махтумкули, а его поэзия продолжает литературные традиции и философские размышления Махтумкули.

**SUMMARY.** The article studies the poetic traditions of Makhtumkuli in the didactic-philosophical direction in the poetry of I.Yusupov. It is proved that the poems included in the series "On the Path of Makhtumkuli" by I.Yusupov are in harmony with Makhtumkuli's poems in terms of formal, ideological-thematic and genre-stylistic features, and that his poetry continues Makhtumkuli's literary traditions and philosophical thoughts.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАРЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Ф.Е.Жиемуратова –** *таяныш докторант*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** фольклор, нақл, мақол, жанр, образ, бадиийлик, ўхшатиш, естетика.
**Ключевые слова:** фольклор, пословица, поговорка, жанр, образ, художественность, сравнение, эстетика.
**Key words:** folklore, proverb, genre, image, artistry, comparison, aesthetics.

Халық аўызеки дөретпелери ҳәр бир халықтың мәдениятының негизи есапланады. Соның менен бирге, фольклорлық шығармалар әсирлер даўамында жыйналған тәжирийбелерден ибарат болып, халықтың өзи дөреткен мәденияты, турмысы, көзқарасы тарийхын үйрениўде бай дерек хызметин атқарады. Әсиресе, халқымыз руўхый көзқарасларының байлығы есапланған нақыл-мақаллар көлеми жағынан киши ҳәм қысқа болыўына қарамастан, өзиниң мазмунында салмақлы ҳәм тужырымлы ой-пикирлерди жәмлеўи менен узақ жыллар даўамында қәлеген жастағы адамларды, әсиресе, жасларды кәмил инсан дәрежесинде тәрбиялаўда үлкен рол ойнайды. Сонлықтан да, биз үйренип атырған нақыл-мақаллардың жанрлық өзгешелигин